



Pou Piblikasyon Imedya: 13/09/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YO AKÒDE 36 MILYON DOLA POU KREYE
LOJMAN SIPÒ PÈMANAN ATRAVÈ ETA NEW YORK**

***Finansman Eta a pral kreye 249 inite lojman sipò pèmanan nan Konte Monroe,
Steuben, Erie, Jefferson ak Kings***

***Pwojè yo enkli finansman pou lojman ak sèvis sipò sou plas pou ede veteran
sanzabri yo, jèn ki soti nan fanmi dakèy, ak moun k ap viv ak maladi mantal grav
ak/oswa pwoblèm ki gen rapò ak itilizasyon sibstans ak fanmi yo***

Gouvènè Kathy Hochul anonse jodi a yo te akòde 36 milyon dola pou senk pwojè atravè Eta New York ki pral kreye 249 inite lojman sipò pèmanan nan Konte Monroe, Steuben, Erie, Jefferson ak Kings pou moun ak fanmi ki sanzabri yo.

"Soti nan Brooklyn rive nan Watertown, divès pwojè sa yo atravè New York demontre angajman nou pou envesti nan lojman ki ranfòse kominote nou yo epi ki fè chak reyon nan eta nou an tounen yon kote ki pi an sekirite, pi an sante ak pi abòdab pou viv," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lojman sipò ki kreye atravè pwojè sa yo pral bay Nouyòkè sanzabri yo kay ki an sekirite, ki estab ak sèvis yo bezwen pou pwospere nan kominote yo."

Sibvansyon yo — ki akòde atravè yon pwosesis konpetitif atravè Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri (Homeless Housing and Assistance Program, HHAP) nan Biwo Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) — se yon eleman enpòtan nan Plan Lojman konplè 25 milya dola Gouvènè Hochul la pou kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab atravè Eta New York, ki gen ladan 10,000 kay avèk sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo. Senk pwojè ki jwenn finansman yo pral bay lojman ak sèvis sipò sou plas pou moun ak fanmi ki sanzabri yo, tankou, jèn ki soti nan fanmi dakèy, ak moun k ap viv ak maladi mantal grav ak/oswa pwoblèm ki gen rapò ak itilizasyon sibstans.

Avèk dènye prim sa yo, Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri (Homeless Housing and Assistance Program, HHAP) angaje plis pase 133.8 milyon dola nan sik finansman sa a. Sa enkli tout 128 milyon dola finansman yo prevwa nan bidjè ane fiskal 2025 la, ak yon lòt 5.8 milyon dola finansman ki poko depanse yo bay pou premye fwa nan ane anvan yo. Pwojè yo bay finansman yo se:

- **PathStone Housing Action Corporation (Monroe)** -750,000 dola pou devlope 38 inite lojman sipò pèmanan nan Vil Perinton pou moun ki te sanzabri anvan yo ki gen plis pase 55 ane. Midvale Commons, ki fè pati yon gran pwojè ki enplike nouvo konstriksyon yon bilding de etaj konplètman elektrik (mezon pasif ak solè net zewo) avèk asansè, espas kominotè, lesiv, biwo sèvis sipò, yon sant egzèsis fizik ak espas deyò. Pwojè san konbistib fosil la ki deja nan konstriksyon gen ladan ponp a chalè ak sous lè, vantilatè rekiperasyon enèji, sechwa ponp a chalè, ak estasyon rechaj pou veyikil elektrik sou plas. Se Rochester Regional Health ki pral bay sèvis sipò yo.
- **Providence Housing Development Corporation (Steuben)** - 1.9 milyon dola pou devlope uit inite lojman sipò pèmanan nan Bath pou moun ki gen maladi mantal grav oswa pwoblèm ki gen rapò ak itilizasyon sibstans ki sanzabri. Dana Lyon Apartments fè pati yon gran pwojè, ki enplike nan prezèvasyon ak reyitilizasyon adapte ansyen bilding lekòl elemantè Dana Lyon nan. Pral gen yon lesiv sou plas, espas biwo sèvis, yon biwo jesyon, sal egzèsis, sal kominotè, teren jwèt ak espas vèt deyò. Ap genyen tou yon espas komèsyal ki pral lwe pou operasyon yon sant atistik kominotè. Catholic Charities Steuben/Livingston pral bay sèvis sipò sou plas epi atravè lòt òganizasyon kominotè pa moyen akò lyezon yo.
- **Episcopal Community Housing Development Organization, Inc. (Erie)** - 3.8 milyon dola pou devlope 16 inite nan lojman sipò pèmanan nan Vilaj Angola pou granmoun selibatè ki gen 55 ane ak plis, ki sanzabri. St. Paul's Apartments II fè pati yon gran pwojè, ki pwopoze nouvo konstriksyon yon bilding twa etaj ak ekipman sou plas ki gen ladan enstalasyon lesiv, biwo pou founisè yo nan espas jesyon byen ak dosye, anpil espas vèt deyò, ak yon pakin ki gen 52 espas ki gen ladan de estasyon rechaj veyikil elektrik. People Inc., pral ba sèvis sipò yo.
- **DePaul Properties, Inc. ak DePaul Community Services, Inc. (Jefferson)** - 14.5 milyon dola pou devlope 70 inite nan lojman sipò pèmanan nan Watertown pou moun ki gen maladi mantal grav, veteran, ak moun ki gen 55 ane ak plis ki sanzabri. Pine Camp Apartments fè pati yon gran pwojè ki pwopoze nouvo konstriksyon yon bilding kat etaj ki pral genyen enstalasyon lesiv, yon sal kominotè, ak lakou santral eksteryè. DePaul Community Services ak Eagle Star Housing Inc., pral bay sèvis sipò yo.

- **Breaking Ground II Housing Development Corporation (Kings)**- 15 milyon dola pou devlope 117 inite nan lojman sipò pèmanan nan Brooklyn, pou moun ki souvan sanzabri yo ansanm ak jèn yo ki soti nan fanmi dakèy ak ansyen moun ki sanzabri ak fanmi yo kote chèf fanmi an gen yon maladi mantal grav. Kanpis Sant Sikyatrik Kingsboro fè pati gran pwojè sa a ki pwopoze nouvo konstriksyon nan de bilding. Pwojè sa a ap devlope nan kad Inisyativ Vital Brooklyn epi ki pral konstwi sou plis pase twa faz avèk de bilding sa yo nan premye faz la. Yon fwa tout twa faz yo fini, pwojè total la pral bay plis pase 1,000 inite lojman. Breaking Ground pral ba yo sèvis sipò yo.

Komisè Biwo Eta New York pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape, Barbara C. Guinn, te deklare, "Investisman Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri (Homeless Housing and Assistance Program, HHAP) nan pwojè sa yo atravè Eta New York pral kreye lojman estab ak abòdab avèk yon aksè fasil nan sèvis sipò esansyèl pou moun ak fanmi sanzabri yo tankou veteran sanzabri yo, jèn ki soti nan fwaye dakèy ak granmoun k ap viv ak yon maladi mantal grav oswa pwoblèm ki gen rapò ak itilizasyon sibstans. Angajman inebranlab Gouvènè Hochul pou elaji opsyon lojman sipò a travè Eta New York bay Nouyòkè vilnerab yo yon estabilite ak zouti yo bezwen pou viv avèk siksè nan kominote yo a."

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la, RuthAnne Visnauskas, te deklare "Anba direksyon Gouvènè Hochul, New York ap priorize lojman sipò. Investisman 36 milyon dola sa a pral pèmèt preske 250 fanmi gen lojman abòdab, an sekirite epi modèn avèk sèvis sipò yo bezwen. Nou felisite patnè devlopman nou yo ki te resevwa prim sa yo, epi nou espere travay avèk patnè nou yo nan Biwo Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape a."

Komisè Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health) la, Doktè Ann Sullivan, te deklare, "Lojman sipò pèmèt Nouyòkè k ap viv ak maladi mantal pou yo pwospere nan pwòp kominote yo. Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri ki soutni pwojè sa yo, pral kreye lojman sipò ki nesèsè anpil pou pèmèt moun yo viv poukont yo nan kominote yo chwazi a. Gouvènè Hochul mete aksan pou elaji opsyon lojman sipò nan kominote atravè eta nou an k ap kontinye chanje ak amelyore lavi Nouyòkè yo."

Komisè Sante Eta New York la, Doktè James McDonald, te deklare, "Mank lojman ka gen enpak sou sante ak byennèt jeneral yon moun epi tou li se yon detèminan sosyal enpòtan nan sante, ki se yon priyorite pou Depatman sa a. Pwojè sa a mete aksan sou travay kontinyèl ak konplè nou pou pwoteje tout aspè nan sante piblik epi lidèchip ak investisman kontinyèl Gouvènè Hochul nan kalite pwojè sa yo asire moun ak fanmi ki vilnerab yo pral gen aksè a yon lojman ki pral an sekirite, estab ak sipò."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare, "Gouvènè Hochul te klèman endike li

obligatwa pou bay yon kantite lojman sipò ak abòdab ki pa sèlman aksesib pou moun ki nan bezwen, men tou ki ekipe ak dènye karakteristik konsènan efikasite enèjetik ak dirabilite. Lè w envesti nan pwojè ki bay priyorite ak pratik bilding vèt ak enèji renouvlab, Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSEDA) kontribiye nan kreye opsyon lavi ki an sante ak konfòtab ki benefik pou rezidan yo ak anviwònman an."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Pwojè Dana Lyon Apartments pwouve yon fwa ankò ke pwogram Restore New York la ap travay pou bay minisipalite yo sipò yo bezwen pou kreye chanjman reyèl nan kominote yo. Pwojè sa a kontribiye nan revitalize vil Bath, pou kreye nouvo opòtinite ekonomik yo."

Prezidan ak Direktè Egzekitif PathStone, Alex Castro, te deklare, "PathStone rekonesan anvè OTDA pou envestisman 750,000 dola nan devlopman Midvale Commons. Finansman sa a pral ede granmoun aje vilnerab ki san lojman yo ak ki a risk nan kominote a jwenn lojman epi vyeyi sou plas avèk diyite ak sèvis sipò. Midvale Commons se pi nouvo kominote PathStone yo epi pral kreye 76 nouvo inite konstriksyon pou granmoun aje nan Vil Perinton. Sa a pral tou se premye devlopman kay pasif, zewo emisyon, ak net an kabòn PathStone ak tout konsomasyon enèji konpanse ak etalaj pano solè sou plas yo."

Direktè Egzekitif Sosyete Devlopman lojman pwovidans Mark M. Greisberger te deklare, "Providence Housing Development Corporation kontan pou l asosye ak Eta New York pou bay lojman sipò nan pwojè devlopman Dana Lyon Apartments, ki pral reyabilite ak prezève yon ansyen lekòl ki vid lontan nan Liberty Street istorik la. Finansman sa pral-asire sekirite, netwayaj lojman ki toupre transpò piblik la, anpil magazen, restoran ak sèvis pèsònèl nan bèl Vilaj Bath."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Episcopal Church Home & Affiliates, Rob, te deklare "Disponibilite kay ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo se yon bezwen ki esansyèl anpil nan New York. Ekspansyon devlopman St. Paul's Apartments nou an pral ede fè fas ak sitiyaasyon sa a lè l bay 16 apatman rezève pou granmoun aje yo ki vilnerab ak gen pwoblèm lojman. San finansman pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri yo bay, efò pou akonpli eleman kle misyon nou an pa t ap tou senpleman posib."

Prezidan DePaul Properties, Inc., Mark Fuller, te deklare, "Sipò Gouvènè Hochul nan Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri (Homeless Housing and Assistance Program, HHAP) nan Biwo pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape, ak lòt patnè kominotè ak finansman nou yo jwe yon wòl enpòtan nan konstriksyon Pine Camp Apartments nan vil Watertown. DePaul rejui nan opòtinite yo ba li pou ede popilasyon vilnerab nan Konte Jefferson, pou bay estabilite lojman nesès pou moun yo viv avèk diyite ak sipò."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Breaking Ground lan, Brenda Rosen, te deklare, "Nou rekonesan anpil anvi Gouvènè Hochul pou angajman li ki kontinye pou envesti nan lojman sipò, epi Pwogram Lojman ak Asistans Sanzabri pou akòde fon enpòtan sa yo nan Faz I nan pwojè Kingsboro Vital Brooklyn. 117 inite k ap resevwa finansman yo pral sèvi jèn yo, granmoun yo, moun yo, ak fanmi vilnerab yo atravè de bilding rezidansyèl yo, pou ede chak fanmi rekonstwi lavi yo nan lojman ak sipò yo bezwen pou yo pwospere. Avèk patnè nou yo nan devlopman Douglaston, Jobe, Almat, ak Brooklyn Community Services nou kontan pou nou franchi pwochen etap la nan reyalizasyon pwojè transfòmasyon sa a pou Sant Brooklyn."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)